

# **Dwa Lokaté Ki Pa Genyen on Kontra Ekri**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**

**Projé Sou Dwa Lokaté**

**Renters' Education and Advocacy Legal Lines (REAL)**

**<https://sites.google.com/site/reallsgmi>**

**[www.lsgmi.org](http://www.lsgmi.org)**

## **On akò/kontra ke ou genyen nan bouch pou ou abite nan on propriete ki nan lweyaj *osi valab* ke on kontra ekri!**

### **KISA SA VLE DI SI MWEN PA GENYEN ON KONTRA EKRI?**

Ou se toujou on lokaté, epi ou toujou lwe kay la men-m si ou pa genyen on kontra ekri.

### **KI KALITE AKÓ KE MWEN GENYEN?**

Sa pral depan-n kombyen fwa ou peye lweyaj ou. Si ou peye lweyaj ou pa semen-n, ou se on lokate ke yo rele an Anglé “week-to-week tenant”. Si ou peye lwaye ou pa mwa, lé sa-a ou se on lokaté ke yo rele an Anglé “month-to-month tenant.”

### **CHANJMAN NAN YON AKÓ NAN BOUCH**

Si ou se on lokaté ki pa gen on kontra ekri, ou gen dwa pou ou resevwa *Notis/lét* pa ekri nan men mét kay ou a si li vle chanje tém kontra ou a.

#### **Jeneralman ki sa mét kay la chanje...**

Jeneralman, mét kay la eseye chanje: montan lajan lwaye ou; si wi o sinon non kouran, gaz rantre nan lajan lwaye a; o sinon, ki lé peyman ou fét chak mwa.

#### **Notis/Lét**

Kantite notis ou resevwa anvan yo fé chanjman yo depan-n de ki kalite lokaté ou ye. Notis ke mét kay ou a ba ou yo dwe pa EKRI.

- Si se on akò “Week-to-week:” yo pral ba ou on notis 7 jou
- Si se on akò “Month-to-month:” yo pral ba ou on notis 15 jou anvan prochen dat pou ou peye lweyaj ou
- Si se on akò “Quarterly:” yo pral ba ou on notis 30 jou anvan nimpòt peryòd 3 mwa-a fini
- Si se on akò on Ane: yo pral ba ou on notis 60 jou anvan peryòd 12 mwa kontra-a rive

### **“NOTIS KOTE YO PAP RENOUVLE TÉM LWEYAJ LA ANKÓ”**

Si mét kay ou a vle pou ou soti kite kay la, mét kay ou a dwe mete ou o kouran PA EKRI. Sa-a rele on “Notice of Termination.”

#### **Rezon pou yo témine lweyaj ou**

Mét kay ou a pa oblije genyen on rezon kélkonk ki fé ke li vle témine kontra nan bouch li genyen ak ou.

### **Notis téminasyon**

Kantite notis ou resevwa anvan mét kay ou a témine kontra lweyaj ou a depan-n de ki kalite lokaté ou ye.

-Si ou se on “Week-to-week:” ou genyen on notis 7 jou

-Si ou se on “Month-to-month:” ou genyen on notis 15 jou, EKSEPTÉ si ou rete nan Miami Beach, lé sa-a ou dwe resevwa on notis o mwens 30 jou

-Si ou se on “Quarterly:” 30 jou anvan fen peryòd 3 mwa

-Si ou se on anc: 60 jou anvan fen peryòd kontra 12 mwa-a

### **Rezon ilegal pou témine kontra-a ou**

Mét kay ou a paka témine kontra nan bouch ou a paske li vle vanje-l kont ou.

-Pa egzamp, ou pote plent nan on ajans gouvénman-an, tankou on enspekté kay. Mét kay ou a fache ke ou te pote plent, epi témine kontra lweyaj ou a pou sa. Sa-a se vanjans, li ILEGAL/PA LEGAL.

Mét kay ou paka témine kontra ou paske li ap fé diskriminasyon kont ou a koz ras ou, koulé ou, relijyon ou, origin-n ou, nasyonalite ou, seks, laj, dizabilite, stati marital, sitiasyon familial , o sinon oriantasyon seksyél ou. Si mét kay ou a fé diskriminasyon kont ou, ou ka pote plent nan “Miami-Dade Commission on Human Rights” nan 111 NW 1 Street, #2220, Miami, FL 33128, o sinon lé ou rele (305) 375-5272.

### **KAY KE GOUVÉNMAN-AN BAY SIPÓ O SINON POU MOUN KI GEN REVNI PITI**

Tanpri note ke régleman sa yo PA aplike si ou rete nan on kay ke gouvénman -an sibvansyone o sinon kay pou moun ki gen revni yo piti.



## **Legal Services of Greater Miami, Inc.**

### **Biro Prensipal**

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500  
Miami, FL 33137  
Telefòn-n: (305) 576-0080  
TTD: (305) 573-1578

### **South Dade**

11285 SW 211 Street, Suite 302  
Miami, Florida 33189  
Telefòn-n: (305) 576-0080  
TTD: (305) 573-1578

### **Monroe County**

Telefòn-n: (877) 715-7464  
TTD: (877) 715-7461

***Passionately Committed to Equal Justice***

Se Legal Services of Greater Miami, Inc. ki prepare dokiman sa yo e dokiman sa yo pa gen dwa repwodui oswa distribye pazavan LSGMI bay yon otorizasyon a lekri.